दिन–शुक्रवार दिनांक–28.03.2025

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

भाजपाक वरिष्ठ नेता आओर केन्द्रीय गृहमंत्री अमित शाह काल्हि दू दिवसीय दौरा पर बिहार आबि रहल छथि। बिहार विधानसभा चुनाव कँ देखैत श्री शाहक दौरा अत्यंत महत्वपूर्ण मानल जा रहल अछि। काल्हि ओ प्रदेशक भाजपा कार्यालय मे पार्टीक सांसद, विधायक, विधान पार्षद आओर प्रदेश पदाधिकारी सभक संग बैसार करताह। ओकर पश्चात रातिखन भाजपाक कोर कमिटीक बैसार मे शामिल हेताह। सहकारिता मंत्री डॉक्टर प्रेम कुमार बतौलनि जे तीस मार्च कँ पटना मे राज्य स्तरीय सहकारिता सम्मेलनक आयोजन कयल जायत। ओ बतयलनि जे केन्द्रीय गृहमंत्री अमित शाह एकर मुख्य अतिथि हेताह। श्री शाह पटनाक बापू सभागार मे आयोजित कार्यक्रम मे कतेको विभागीय योजना सभक उद्घाटन करताह। प्राप्त जानकारीक अनुसार केन्द्रीय मंत्री दरभंगा मे नवनिर्मित मखाना प्रसंस्करण केन्द्रक उद्घाटन करताह। ओ राज्य सहकारी बैंक सभक माइक्रो एटीएमक वितरण सेहो करताह। एकर अलावे श्री शाह नव निबंधित दुग्ध सहकारी समिति सभक बीच निबंधन प्रमाण पत्रक वितरण करताह। संगहि ओ जन औषधि केन्द्र सभक शुभारंभ आओर कॉमन सर्विस सेंटर सभकँ क्रियाशील हेबाक प्रमाण पत्र देताह। तीसहि मार्च कँ अमित शाहक गोपालगंज मे एकटा जनसभा के सेहो संबोधित करबाक कार्यक्रम अछि।

---

उप मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी कहलनि अछि जे चारा घोटालाक नौ सय पचास करोड़ रूपैयाक वापसीक लेल सरकार अदालत जायत। संगहि सीबीआई आओर आयकर विभाग सँ सेहो बात कयल जायत। श्री चौधरी कहलनि जे पटना हाई कोर्ट मे चारा घोटालाक जाँ सीबीआई के सौपैत काल घोटालाक राशि सरकारक खजाना मे वापस घुरेबाक सेहो जिम्मेदारी देल गेल छल। न्यायालय घोटालेबाज सभक संपत्ति के बेच कऽ एकरा सरकारी कोष मे जमा

करबाक निर्देश देने छल। श्री चौधरी कहलनि जे पटना हाईकोर्टक निर्देशक अनुरूप सरकार घोटालाक रकमक वापसीक लेल सभ संभव कदम उठाओत।

———————————————————————————

केन्द्र सरकारक कर्मचारी सभक आओर पेंशनभोगी सभक महंगाई भत्ता मे जुलाई महीना सँ दू प्रतिशत महंगाई भत्ता के बढ़ोतरी कयल गेल अछि। एहि आशय के फैसला आइ भेल मंत्रिमंडलक बैसार मे लेल गेल। सूचना आ प्रसारण मंत्र अश्विनी वैष्णव कहलनि जे ई एहि सालक पहली जनवरी सँ लागू होयत। श्री वैष्णव कहलनि अछि जे सरकार एहि वर्षक खरीफ सीजन मे किसान सभ कैँ कम दाम पर फॉस्फेटिक आओर पोटाशिक उर्वरक उपलब्ध करेबाक सेहो मंजूरी देलक अछि। श्री वैष्णव बतयलनि जे मंत्रिमंडल बिहारक कोसी—मेची अंतर—राज्यीय लिंक परियोजना कैँ प्रधानमंत्री कृषि सिंचाई योजना—त्वरित सिंचाई लाभ कार्यक्रमक अंतर्गत शामिल करबाक मंजूरी दऽ देलनि अछि। ओ कहलनि जे एहि परियोजना सँ बिहारक, अररिया, पूर्णियां, किशनगंज आओर कटिहार जिला मे खरीफ सीजनक दरमियान दू लाख दस हजार हेक्टेयर सँ बेसी भूमि कऽ सिंचाई सुविधा भेटत। केन्द्रीय मंत्री इहो बतयलनि जे सरकार बिहार मे एक सय बीस किलोमीटर सँ बेसीक लंबाईवला चारि लेनक ग्रीनफिल्ड आओर ब्राउनफिल्ड पटना, आरा, सासाराम गलियाराक निर्माणक मंजूरी दऽ देलक अछि।

———————————————————————————

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी रवि दिन तीस मार्च कैँ आकाशवाणी पर "मन की बात" कार्यक्रम मे देश—विदेशक लोकसभक संग अपन विचार साझा करताह। ई मासिक रेडियो कार्यक्रमक एक सय बीसम कड़ी होयत। लोक कार्यक्रमक लेल अपन विचार आओर सुझाव टोल फ्री नंबर एक आठ शून्य शून्य एक एक सात आठ शून्य शून्य पर पठा सकैत छथि। अपन सुझाव नरेन्द्र मोदी ऐप वा माई जी ओ वी ओपन फोरमक माध्यम सँ ऑनलाइन सेहो साझा कऽ सकैत छथि। सुझाव आइ तक स्वीकार कयल जायत।

———————————————————————————

पछुआ हवाक प्रभाव सँ प्रदेशक अधिकतर हिस्सा सभक तापमान मे लगातार बढ़ोतरी भऽ रहल अछि। कतेको स्थान सभक अधिकतम तापमान चालीस डिग्री सेल्सियस कँ पार कऽ गेल अछि। बक्सर लगातार दोसर दिन प्रदेशक सभ सँ गर्म स्थान रहल, एहि ठामक अधिकतम तापमान एकतालीस दशमलव चारि डिग्री सेल्सियस दर्ज कयल गेल। ओतहि, खगड़ियाक अधिकतम तापमान चालीस दशमलव छओ डिग्री, सीवानक जीरादेई कऽ चालीस डिग्री आओर राजधानी पटनाक अधिकतम तापमान अड़तीस दशमलव छओ डिग्री सेल्सियस रिकॉर्ड कयल गेल। मौसम विज्ञान केन्द्र पटनाक अनुसार अगिला दू सँ तीन दिनक दरमियान औसत तापमान मे एक सँ तीन डिग्री सेल्सियस तकक आओर बढ़ोतरी भऽ सकैत अछि।

———————————————————————————

राज्य सरकार प्रदेशक सभ अस्पताल सभमे गर्मी आओर लू कऽ मरीज सभक इलाजक लेल दिशा निर्देश जारी कयलक अछि। स्वास्थ्य मंत्री मंगल पांडेय कहलनि अछि जे लू सँ प्रभावित मरीज सभक लेल सभ अस्पताल सभ मे पाँच—पाँच बेड आरक्षित राखल जायत। अस्पताल सभमे ओआरएस कॉर्नर बनाओल जायत। श्री पांडेय बतौलनि जे लू मरीज सभक लेल अस्पताल सभमे रैपिड रेस्पांस टीमक गठनक निर्देश देल गेल अछि।

———————————————————————————

समाप्त भेल।